

Chapit 5. Prensip general pou tout elèv
Seksyon 5.70

Règleman 5.70 Piblikasyon elèv yo

1. *Objektif.* – Objektif règleman sa a se pou bay kondisyon ki gen rapò ak piblikasyon elèv yo ap fè nan kad aktivite lekòl la sipòte. Konsèy Administrasyon distri a rekonèt bay elèv yo opòtinite pou ekspriye yo kòm sadwa nan yon fason ki rezonab fè pati entegral pwogram ansèyman lekòl piblik yo. Konsèy la rekonèt tou responsablite li genyen devan tout lekòl, vizavi elèv yo ak kominote a pou fè sèten piblikasyon lekòl la sipòte yo pou bay elèv mwayen ekspriye yo fèt dapre jan lalwa ak prensip ki reglemante domèn sa a, prensip Konsèy administrasyon an tabli, diskou apwopriye, jounalis responsab ak estanda pwofesyonèl.
2. *Règleman.* – Kontni jounal lekòl yo, albòm pwomosyon chak ane yo, magazin alfabetizasyon yo, pwogram videyo ak medya dijital yo (paegzanp, piblikasyon nan entènèt) flayè, panflè, piblisite ak lòt materyèl pou distribye bay elèv yo oswa lekòl la sipòte, dwe konfòm ak menm egzijans legal tankou sa ki enpoze sou jounal konvansyonèl yo ak medya laprès yo. Piblikasyon ak pwodiksyon elèv distri lekòl la prensipalman finanse, ki pwodui kòm yon pati nan kourikoulòm nan oswa kòm yon aktivite yon lekòl sipòte, pa dwe konsidere kòm yon fowòm piblik. Konsèy administrasyon distri lekòl la otorize administrasyon an pou edite oswa efase nenpòt materyèl ki pa chita sou lalwa oswa misyon edikatif distri nou an. Pa gen atik konsa ki dwe distribye nan okenn lekòl ki:
 - a. Kab gen rezon entèprete yo tankou enfòmasyon ki obsèn pou minè;
 - b. Kab gen rezon entèprete yo tankou enfòmasyon difamatwa oswa kalomnyan;
 - c. ankouraje aktivite ilegal;
 - d. Ta kab gen rezon kreye twoub materyèl ak Enteripsyon valab nan aktivite nòmal bon fonksyonman lekòl oswa disiplin ki apwopriye nan fonksyonman lekòl la;
 - e. Vyole dwa pwopriyete entèlektiyèl (paegzanp, dwadotè, patant, makfabrik, echanj rad, echanj sekrè, elatriye);
 - f. Entèfere mal ak oswa anvayi entimite lavi prive oswa vyole dwa elèv ak/oswa anplwaye, oswa;
 - g. Ki denati politik oswa relijyez ki deklare oswa sijere lekòl la oswa nenpòt nan reprezantan l yo sipòte oswa andose kontni materyèl la.
3. *Konfòmite ak lwa FERPA.* – Idantifikasyon elèv nan piblikasyon elèv (paegzanp, bilten, jounal, albòm pwomosyon anyèl, miltimedya, pwogram TV, entènèt ak sèvis sou entènèt, elatriye, dwe soumèt ak tout respè nan kad lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak Lwa entimite lavi prive (FERPA), 20 U. S.C. 123 g, jan sa amande ak règleman pou entèprete li yo.
4. *Entèdiksyon distribisyon komèsyal.* – Piblikasyon elèv yo pa dwe fèt pou vann ni distribye pou rezon komèsyal ki fèt pou pwofi oswa avantaj pèsonèl okenn elèv oswa anplwaye distri a (yo) san apwobasyon Sipèentandan an bay davans alekri pou sa ansanm ak manb Konsèy Administrasyon distri lekòl la. Nan ka kote yon piblikasyon konsa ta apwouve, tout elèv k ap patisipe nan pwodiksyon piblikasyon sa dwe resevwa fòm pèmisyon ak konsantman piblikasyon enfòmasyon elèv la siyen www.palmbeach.k12.fl.us/Records/PDF/1941.pdf avan pwodiksyon, ak piblikasyon an dwe sèlman distribye ak itilize jan yo bay li nan sa a.
5. *Responsablite direktè (tris) lekòl yo.* – Direktè (tris) lekòl yo responsab pou asire karaktè sa k ap enprime nan piblikasyon lekòl yo apwopriye epi pou piblikasyon sa yo konfòm ak règleman Konsèy Administrasyon distri lekòl la.
6. *Delegasyon Otorite.* – Se Sipèentandan an ki otorize pou devlope pwosedi pou egzekisyon règleman sa a.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41, 1001.42, Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.43

DOSYE ISTORIK: 6/4/83; 6/05/2009